

SAMPUN SIAP DERENG SANGU KITA?

(SINAU SAKING PIDATO KAPISAN NABI ﷺ NALIKA HIJRAH WONTEN MADINAH)

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

KHOTBAH PISANAN

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَتُوبُ إِلَيْهِ، وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ.

وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ.

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ. قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا ﴿يُصْلِحْ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ﴾ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا

Jamaah Jumat ingkang dipun rahmati Allah,

Puji saha syukur sumangga kita aturaken wonten ngarsa dalem Allah SWT awit saking nikmat umur, kasarasan, saha kalodhangan wektu saéngga kita saged tindak nglampahi jejibahan sholat jumat wonten masjid punika. Shalawat saha salam mugi tansah katur kagem junjungan kita, Nabi Agung Muhammad ﷺ, dalah kulawarga, sahabat, saha para penderekipun ngantos akhir zaman.

Minangka khotib, kula wasiat mliginipun kagem dhiri kula piyambak saha umumnipun dhumateng para jamaah sekalian: sumangga kita tingkataken ketakwaan kita dhumateng Allah SWT kanthi saestu-estunipun taqwa. Derek dawuhipun Allah ing QS. Ali Imran ayat 102 ingkang sampun kulo waos ing ngajeng, ingkang ategesipun : “ *He wong-wong kang padha iman, takwao sira marang Allah kanthi takwa kang bener-bener takwa. Lan sira aja pisan-pisan mati kajaba netepi agama Islam* ”

Jamaah Jumat ingkang mulya,

Nalika setunggal bangsa utawi kelompok masyarakat nampani pemimpin anyar ing papan ingkang anyar, biasanipun pidato kapisan dipunisi kanthi janji politik, program pembangunan ekonomi, utawi pertahanan militer. Nanging, sumangga kita tingali momen paling sejarah ing peradaban Islam: nalika Rasulullah ﷺ kapisan jumangkah suku wonten ing Madinah nalika peristiwa hijrah.

Kados dene ingkang dipun riwayataken dening sahabat Abdurrahman bin Auf RA ing kitab *Dalailun Nubuwwah* karyanipun Imam Baihaqi, pidato kapisan Nabi ﷺ ing Madinah justu boten ngrembag peta politik, perang, utawi strategi ekonomi. Rasulullah ﷺ langkung milih ketok pintu atinipun saben manungsa kanthi weling ingkang sanget mendasar babagan hakikat kagesangan.

Wonten gangsal weling wigati ing pidato kasebat ingkang patut dados renungan kita sesarengan: **Sampun Siapkah Sangunipun Kita?**

1. Wigatinipun Nyawisaken Sangu Piyambak Kagem Akhirat

Nabi ﷺ bersabda :

أَيُّهَا النَّاسُ، فَقَدُمُوا لِأَنْفُسِكُمْ

"Wong-wong kabeh, padha siapna sangu kanggé dhiri sira kabeh."

Kita sedaya ing donya punika minangka musafir. Bedanipun, wonten tiyang ingkang fokus nyawisaken sangu perjalanan, dene tiyang sanesipun katungkul nglaras kaendahan ing pinggir margi nganti lali marang papan tujuan utamanipun.

2. Kesadaran bilih Pejah punika Pasti saha Dadakan

Nabi ﷺ nglambaraken bilih tiyang saged dipun pundhut nyawanipun kanthi dadakan, ngantunaken bandha saha urusan donyanipun kados *"menda tanpa angon"*.

وَاللّٰهُ لَيُصْعَقَنَّ أَحَدَكُمْ، ثُمَّ لَيَدْعَنَّ غَنَمَهُ لَيْسَ لَهَا رَاعٍ

Nalika ajal teka, penggawean durung rampung, usaha durung rampung, nanging kabèh kudu ditinggalake. Ing ngarsane Allah benjing, boten wonten pengacara, boten wonten juru bicara, saha boten wonten "tiyang dalem". Kita bakal jumeneng piyambak nyunggi tanggel jawab panggawean kita.

Firmanipun Allah SWT ing QS Ali 'Imran ayat 185:

كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ ۖ وَإِنَّمَا تُوَفَّوْنَ أُجُورَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ۖ فَمَنْ زُحِرَ
عَنِ النَّارِ وَأُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ ۖ وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ

"Saben-saben kang duwe nyawa bakal ngrasakake mati. Lan besuk ing dina kiamat piwalesmu bakal dicukupake. Sapa sing didohke saka neraka lan dilebokake ing surga, mangka sejatine dheweke wus nemu kabagyan. Lan panguripan ing donya iku mung kabagyan kang nasarake."

3. Saben Nikmat ingkang Dipun tampi bakal Dipun tangletaken

Ing akhirat benjing, Allah SWT mboten bakal nyuwun pirsu sepira akehe tabungan utawi jembar tanah kita, nanging:

أَلَمْ يَأْتِكَ رَسُولِي فَبَلَغَكَ؟ وَآتَيْتَكَ مَالًا، وَأَفْضَلْتُ عَلَيْكَ، فَمَا قَدَّمْتَ لِنَفْسِكَ؟

"Apa durung teka Utusan-Ku marang sira kang ngabarake? Lan Aku wus ngewahi sira bandha lan nikmat kang akeh, banjur apa kang wus sira siapake kanggé dhiri nira dhewe?"

Kita asring sibuk nyawisaken masa depan anak-anak kita, lan punika mulya. Nanging tragis sanget menawi wonten tiyang ngedharake warisan miliaran rupiah kagem ahli

warisipun, nanging lali ngedharake amal kagem keslametan dhirinipun piyambak ing akhirat.

Allah SWT ngendika:

ثُمَّ لِنُسْأَلَنَّ يَوْمَئِذٍ عَنِ النَّعِيمِ

"Banjur sira kabeh ing dina iku bakal ditakoni babagan nikmat (kang wis sira bangga-banggakake ing donya)." (QS. At-Takatsur: 8).

4. Gampange Ngreksa Dhiri saking Neraka Liwat Sedekah

Rasulullah ﷺ maringi jalan keluar ingkang ringkes sanget:

فَمَنْ اسْتَطَاعَ أَنْ يَقِيَ وَجْهَهُ مِنَ النَّارِ وَلَوْ بِشِقِّ تَمْرَةٍ فَلْيَفْعَلْ

"Sapa kemawon kang kuwawa ngreksa raine saka geni neraka senajan mung kanthi separo woh kurma, mangka lakonana."

Panjenenganipun boten nuntut kita nyedekahaken sedaya bandha utawi setunggal kebon kurma. Sampun nate ngremehaken kabecikan sekedhik punapa kemawon, amargi saged ugi amal ingkang alit punika ingkang nyelametaken kita saking siksa neraka.

5. Tembung ingkang Sae yaiku Dalan Keslametan

Menawi bandha boten gadhah kagem disedekahaken, Nabi ﷺ nutup kanthi weling:

وَمَنْ لَمْ يَجِدْ فِكْلِمَةً طَيِّبَةً

"Lan sapa kemawon kang ora nduweni (bandha kanggé sedekah), mangka kanthi tembung kang becik."

Tembung ingkang santun, mesem ingkang tulus, saha pitutur ingkang ngedhemaken ati sesami yaiku sedekah ingkang dhuwur tinemu ing ngarsanipun Allah SWT.

Jamaah Jumat ingkang bahagia,

Rina punika, sumangga kita nyuwun pirsa dhumateng dhiri kita piyambak ing tengahing rutinitas saha kesibukan donya ingkang boten wonten entekipun punika: **"Menawi dina iki yaiku dina pungkasan kita ing donya, sangu apa kang wis bener-bener siap kita gawa?"**

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ
وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ الْعَظِيمَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ
الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHOTBAH KAPINDHO

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ، وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِي إِلَى رِضْوَانِهِ.

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ، وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَزَجَر. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ، وَثَنَّى بِمَلَائِكَتِهِ الْمُسَبِّحَةِ بِقُدْسِهِ. قَالَ تَعَالَى: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، وَبَارَكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.

اللَّهُمَّ أَعِزَّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ، وَأَذِلَّ الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ، وَانصُرْ عِبَادَكَ الْمُؤَحِّدِينَ.

اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمَحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً وَسَائِرِ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ، إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ